
MEMORANDÒM

POU: Prezidan an ak Manm yo
Komite Lekòl Boston

Moun Ki Voye li: Nathan Kuder
Ofisye Finansye An Chèf

SIJÈ: Kontribisyon pou Apwobasyon

DAT: 1 février 2023

W ap jwenn nan pyès jwent sibvansyon pou apwobasyon Komite Lekòl la bay nan dat 1 Fevriye 2023. Divès kopi konplè pwopozisyon sibvansyon yo disponib pou ou egzamine epi te depoze bò kote Biwo Sekretè Komite Lekòl la.

Lekòl Piblik Boston yo

komite lekòl Boston

vil Boston

Mary Skipper, Sirentandan

Jeri Robinson, Prezidan

Michelle Wu, Majistra



SIBVANSYON POU KOMITE LEKÒL LA

1 février 2023

Montan	FY	Non Sibvansyon an	Estati	Direktè Finansman	Domèn Konsantrasyon (yo)	Sit
240 863\$	2023	FC253 Pwogram Pilòt Divèsifikasyon Pwofesè	Nouvo	Rashaun Martin ak Sharra Gaston	Divèsite Edikatè	Nan Tout Distri a
190 000\$	2023	Sibvansyon FC460 pou Sipò pou Timoun	Ogmante	Lydia Emmons	Preparasyon Inivèsite ak Karyè Pwofesyonèl	5 Sit
34 557\$	2023	Edikasyon granmoun FC345	Ogmante	Kristen D'Avolio	Fòmasyon pou Granmoun	Madison Park Adult Ed. Center
465 420\$	Total					

FÒMILÈ AKSEPTASYON KOMITE LEKÒL LA – BPS23622

Non Sibvansyon: Pwogram Pilòt Divèsifikasyon Pwofesè (TRUST) COMP FC253

Estat: **Nouvo**

Tip Sibvansyon: Dat Kòmansman ak Dat Finisman: Apre apwobasyon sou 30/06/2023

Sous Finansman: MA Depatman Edikasyon Prensipal ak Segondè (DESE)

Kontak Moun k ap Bay Sibvansyon an: Sylvia Lam

Adrès Moun K ap Ede a: 75 Pleasant Street, Malden, MA 02148

Telefòn moun k'ap ede a: 781-338-3000

Imel moun k ap ede a: Sylvia.Lam@mass.gov

Depatman Responsab BPS ak/oswa Lekòl (yo): Biwo Pwogram Retansyon, Kilti ak Divèsite, Divizyon Ekite, Estrateji ak Eka Opòtinite

Jesyonè Pwogram BPS la: Rashaun Martin ak Sharra Gaston

Chèf Depatman/Direktè Lekòl: Charles Grandson IV, Ed.D, Direktè Ekite ak Estrateji

Montan Anyèl Pri a Montan Total Rekonpans lan: 240 863\$

- Pakou Ansèyman Segondè (Boston Latin Academy): 10 300\$
- Kadè Pwofesè yo: 95 473\$
- Ensitasyon Finansyè (Bonis pou Siyati ak Èd pou Relokalizasyon): 45 955\$
- Apwobasyon SEI: 17 827\$
- BPSTF: 71 308\$

Opsyon pou Repò a: Non

elèv anviwon (oswa pwofesè, manm pèsònèl biwo santral) ki desèvi: Distri BPS

- Anviwon 75 elèv Kadè Pwofesè
- Anviwon 45 nouvo òf travay gras ak rekritman
- Anviwon 50 edikatè aktyèl ap resevwa yon apwobasyon SEI
- Anviwon 25 edikatè aktyèl ap resevwa yon lisans inisyal gras ak bous ansèyman BPS
- Anviwon 150 elèv gason nwa nan Boston Latin Academy

Sit yo: Biwo Santral ak Boston Latin Academy

Kijan ou te fè chwazi sit sa yo?

Tout pwogram yo ak sèvis pou rekrute, devlope, ak kenbe edikatè yo nan BPS nan mete aksan sou divèsite pèsònèl la ki founi pa Biwo Rekritman, Kilti ak Divèsite yo. The Boston Latin Academy t ap chache asistans pou fè patenarya avèk He is Me Institute pou soutni retansyon gason nwa yo nan lekòl yo a.

Patnè Ekstèn Esansyèl yo(si genyen): He is Me Institute - Pwogram Dekouvri Pwofesè yo

Priyorite:

- Investi nan divès pwogram ki **pwodwi divès kandida efikas ekstrèmman efikas sou plan rasyal, kiltirèl ak lengwistik** ki rete nan distri a pandan omwen 5 ane.
- Investi nan divès pwogram k ap prepare divès edikatè pou **soutni reysit akademik ak kwasans elèv BPS yo**
- Nou kwè ke **pwochè jenerasyon edikatè BPS yo nan salklas nou yo kounye a menm** oubyen nan kay yo ak nan òganizasyon kominotè yo nan Vil Boston kounye a menm.
- Nou angaje pou devlope divès pwogram ki founi plizyè pwèn aksè pou prepare pwochè jenerasyon edikatè nou yo ki kapab, avèk entansyon n ap soutni an, refilete tout bon divèsite rasyal, kiltirèl ak lengwistik elèv nou yo ak kominote nou an.

Objektif:

Biwo Pwogram Retansyon, Kilti ak Divèsite (RCD) yo rezide nan Divizyon Ekite, Estrateji ak Eka Opòtinite (ESOG), dirije pa Direktè Ekite a ak Estrateji Doktè Charles Grandson IV. Sa se yon divizyon Biwo Sirentandan epi pote ansanm Biwo Ekite, Biwo Eka Opòtinite, Biwo Estrateji ak Inovasyon, ak Biwo Pwogram Retansyon, Kilti, ak Divèsite pou yon objektif komen: pou asire ke distri a plase eliminasyon disparite yo, an patikilye disparite rasyal yo, nan sant tout travay pedagojik ak operasyonèl.

Biwo Retansyon, Pwogram Divèsite ak Kiltivasyon (RCD) konbine akizisyon talan ak kiltivasyon, devlopman kanalizasyon, ak pwogram divèsite pou pi byen soutni kandida ak anplwaye yo pandan tout karyè yo pwofesyonèl yo. RCD angaje nan devlope, prepare ak retni yon gwoup pwofesè ak manm pèsònèl ki divèsifye sou plan rasyal, etnik, kiltirèl, ak lengwistik epi ki wotman efikas ak konpetan chak ane. Nou ap kontinye konsantre sou efò nou yo sou twa "levye" kle pou travay nou an: 1) Konstwi ak Soutni Divès Kanalizasyon 2) Kilti epi 3) Devlope ak kenbe divès anplwaye. Levye sa yo rete nan sant estrateji nou pou akselerasyon aprantisaj elèv yo.

Rezilta ki swete yo:

- Ogmante pousantaj edikatè ekstèn moun koulè yo ki rekrute nan distri a soti nan 44% an 2022 pou rive 55% an 2023.
- Redwi to karans edikatè moun koulè yo soti nan 36,7% an 2022 pou rive 33% an 2023.
- Gen yon to achèvmant 100% pou 41 edikatè nan pwogram BE/ACTT nan resevwa yon apwobasyon SEI epi ogmante kantite enskripsyon rive 65 pou Egzèsis 2024 la.
- Kenbe 63 elèv segondè nan distri a nan pwogram Kadè Pwofesè nan cheminman yo pou yo tounen edikatè BPS.
- Rive fè 100% pami 25 edikatè premye ane nan bous ansèyman resevwa yon lisans nan andikap modere ak ESL ak yon lisans inisyas nan domèn pratik prensipal pa yo.

Tanpri, presize nan ki nivo sibvansyon sa aliye ak Angajman e ak Priyorite Vizyon Estratejik 20/25 distri a. Tanpri Site yo anba a: (gade dokiman ki atache a – ale nan (paj 59)

1.2 Rekrute ak retni yon mendèv ki refilete divèsite rasyal, etnik, ak lengwistik elèv yo ak fanmi n'ap desèvi.

5.1 Anplwaye, sipòte ak òganize atelye travay nan tout nivo ki refilete divès kilti ak lang elèv nou yo; abòde baryè estriktira; ki fè enpak sou pèsònèl ak edikatè vwa yo.

FÒMILÈ AKSEPTASYON KOMITE LEKÒL LA – BPS23623

Non Sibvansyon: Sibvansyon FC460 pou Sipò pou Timoun

Estat: **Ogmante**

Tip Sibvansyon: Dwa

Dat Kòmansman ak Dat Finisman: 01/09/2022 - 31/08/2023

Sous Finansman: Depatman Ansèyman Primè ak Segondè

Kontak Moun k ap Bay Sibvansyon an: Kristin Hunt

Adrès Moun K ap Ede a: 75 Pleasant Street, Malden, MA

Telefòn moun k'ap ede a: (781) 338-3000

Imel moun k ap ede a: Kristin.E.Hunt@mass.gov

Depatman Responsab BPS ak/oswa Lekòl (yo): Biwo Lekòl Segondè

Charlestown High School

Dearborn STEM Academy

Fenway High School

Madison Park Technical Vocational High School

New Mission High School

Jesyone Pwogram BPS la: Lydia Emmons, Direktè Pwogram Early College

Chèf Depatman/Direktè Lekòl:

Charlestown High School, Ajay Trivedi

Dearborn STEM Academy, Darlene Marcano

Fenway High School, Geoffrey Walker

Madison Park Technical Vocational High School, Doktè Sidney Brown

New Mission High School, Will Thomas

Ogmante Kantite a: 190 000\$

Kantite Total Akòde 490 000\$

Opsyon pou Repò a: Non

elèv anviwon (oswa pwofesè, manm pèsone biwo santral) ki desèvi: 318

Kijan ou te fè chwazi sit sa yo? : Pwogram Early College Dezinye Aktyèl

Patnè Ekstèn Esansyèl yo (si genyen):

University of Massachusetts Boston

Wentworth Institute of Technology

Bunker Hill Community College

Benjamin Franklin Cummings Institute of Technology

Objektif:

Gras ak Sibvansyon Sipò Early College la, DESE founi yon sipò pou mizannèw pwogram Early College ki egziste yo. Soutyen sa finanse kapasite pèsònèl la, materyèl pedagogik yo, transpò, ak alokasyon planifikasyon nan 5 lekòl segondè epi garanti livrezon pwogram wot kalite yo.

Rezilta ki swete yo:

1. Ogmante enskripsyon nan High Quality Early College Pathways nan Charlestown High School, Dearborn STEM Academy, Fenway High School, Madison Park Vocational Technical High School ak New Mission HS.
2. Ogmante kantite elèv ki gradye nan lekòl segondè avèk omwen 12 kredi fakilte ki wotman transferab.

Objektif ki Espesifik, Mezirab, Reyalizab, Reyalistik, ak Objektif ki Limite nan Tan (SMART)

Objektif #1: Enskri yon kowòt elèv adisyonèl nan Early College nan chak lekòl segondè k ap patisipe avan 12/22 nan ogmante kantite enskripsyon soti nan 183 nan Ane Lekòl 2022 a rive nan 318 nan Ane Lekòl 2023.

Endikatè: Oktòb Done SIMS

Objektif #2: Asire ke 75% diplome kowòt Early College jwenn yon minimòm 12 kredi fakilte an Jen 2023

Endikatè: Trakè kredi Senyò DESE ak Analiz Done DHE HEIRS

Tanpri, presize nan ki nivo sibvansyon sa aliye ak Angajman e ak Priorite Vizyon Estratejik 20/25 distri a. Tanpri Site yo anba a: (gade dokiman ki atache a – ale nan (paj 59)

Pakou Early College ofri yon edikasyon pètinan, otantik ak imèsif bay tout elèv nou yo. Gras ak pwogram sa yo nou ap chache ogmante aksè ak kou inivèsitè pou elèv Lekòl Piblik Boston yo epi redwi tan ak depans yon premye diplòm valè. Sa dirèkteman aliye sou Vizyon Estratejik 20/25 distri a paske li kreye divès opòtinite ekitab pou jèn yo pouswiv cheminman inivèsitè yo ak pwofesyonèl wot kalite pa yo

Akselere Aprantisaj 2.1 “Rekonsevwa Lekòl Segondè yo”- an kowòdinasyon avèk angajman ak priorite “Akselere Aprantisaj la” idantifye nan Vizyon Estratejik 20/25, pwogram Early College yo elaji ofildèzan yon jan pou BPS toujou kapab ofri divès kou fakilte avèk rigè ak elèv li yo.

Patenarya Aktif 6.4 “Sansibilizasyon pou Fakilte ak Karyè Chanpyon yo” - nan kowòdinasyon avèk “Patenarya Aktif” angajman ak priyòrite ki idantifye nan Vizyon Estratejik 20/25, pwogram Early College yo egzije divès patenarya ansèyman siperyè ki kreye divès opòtinite pou elèv ki angaje nan kou inivèsite avèk divès sipò anvlopan entegre.

FÒMILÈ AKSEPTASYON KOMITE LEKÒL LA - BPS23103

Non Sibvansyon: Edikasyon Adilt Alfabetizasyon Fanmi BPS (BPS103, FC345)

Estat: **Ogmante**

Tip Sibvansyon: Konpetitif

Dat Kòmansman ak Dat Finisman: soti 01/07/2022 rive 30/06/2023

Sous Finansman: Eta -345

Kontak Moun k ap Bay Sibvansyon an: Melissa Viscovich, Espesyalis Pwogram
W 781-338-3837
melissa.b.viscovich@state.ma.us
Sèvis Aprantisaj pou Adilt ak Kominote
Depatman ESE
75 Pleasant Street
Malden, MA 02148

Depatman Responsab BPS ak/oswa Lekòl (yo): Ministè Edikasyon pou Adilt

Jesyonè Fon BPS: Kristen D’Avolio, Direktè Prensipal

Chèf Depatman/Direktè Lekòl: Kristen D’Avolio, Direktè Prensipal

Montan Anyèl Inisyal: 452 638 \$ (deja apwouve pa SC)

Ogmantasyon pri chak ane a: 34 557\$

Total pou Pri Chak Ane Egzèsis 2023: 487 195\$

Montan Total Pri a (si peryòd sibvansyon an plis pase yon ane): 2 819 150\$

Nouvo Kantite Pri Total avèk Ogmantasyon Ajoute: 2 853 707\$

Opsyon pou Repò a: Non

Apwoksimasyon sou Kantite Elèv: Elèv 140 ESOL

Sit yo: Depatman Edikasyon pou Adilt/Boston Central Adult High School ki nan Konplèks Bilding Madison Park Technical/Vocational High School la

Patnè Ekstèn Esansyèl yo: OpenAirBoston, , Adult Literacy Initiative Masshire, New England Aquarium, Zoo New England, Museum of Fine Arts, Biwo Majistra pou Devlopman Mendèv

Deskripsyon Sibvansyon

Nan kad Pwogram Literasi Fanmi Edikasyon pou Adilt BPS, sibvansyon sa founi yon edikasyon debaz adilt, lekòl segondè ak kou ESOL yo pou paran Lekòl Piblik Boston yo pou soutni devlopman akademik, ekonomik, ak sivik pa yo nan objektif pou yo kapab apre sa soutni aprantisaj pitit pa yo.

Kategori Depans Sibvansyon sa a Peye

Sibvansyon an pral sèvi pou peye pwofesè ki travay atan pasyèl nan lasware ak lajounen, yon jesyonè pwojè espesyal, yon espesyalis pou sipò elèv, frè jeneral, ansanm ak depans endirèk yo.

Rezilta ki swete yo

Rezilta swete nan sibvansyon sa gen ladan yo: 1) elaji aksè ak edikasyon lengwistik bay paran elèv BPS yo nan kominote Greater Boston an jeneral pou redwi kantite sitwayen ki nan lis atant lan pou kou lang anglè yo; 2) bay paran BPS yo kapital sosyal pou navige nan òganizasyon edikatif ak kominotè yo pou pi byen soutni tèt yo ak pitit pa yo, epi 3) bay elèv adilt yo ansèyman literasi nimerik ki pèmèt yo pi byen angaje avèk fanmi pa yo, kominote yo ak anplwaye yo. Rezilta sa yo lye ak BPS Anchor Goal One, ki di tout elèv yo pral prè pou siksè nan fakilte, karyè pwofesyonèl, ak lavi.

Objektif ki Espesifik, Mezirab, Revalizab, Revalistik, ak Objektif ki Limite nan Tan (SMART)

Objektif #1¹: Pandan Ane Fiskal 2023 a, 51% nan elèv adilt ki enskri nan ESOL yo pral atenn oswa depase objektif eta a pou pwogrè elèv ki mezirab. jan sa mezire nan BestPLUS ak TABE Class-E. **Endikatè:** Nòt tès pou Ane Fiskal 2022 a.

Objektif #2: Pandan Ane Fiskal 2022 a, 39% nan elèv ki enskri nan edikasyon debaz pou adilt yo pral atenn oswa depase objektif eta a pou pwogrè elèv ki mezirab. jan sa mezire nan BestPLUS ak TABE Class-E. **Endikatè:** Nòt tès pou Ane Fiskal 2022 a.

Objektif #3: Pandan Ane Fiskal 2022 a, 42% nan elèv adilt ki enskri nan ASE yo pral atenn oswa depase objektif eta a pou pwogrè elèv ki mezirab. jan sa mezire nan MAPT. **Endikatè:** Nòt tès pou Ane Fiskal 2022 a.

Aliyman Plan Estratejik

Objektif sa yo lye ak Objektif Estratejik Nimewo En BPS la: Elimine Lakin nan Opòtinite ak Reyisit. Nan ede rezidan adilt Boston yo resevwa diplòm lekòl segondè yo oswa nan ede yo aprann Anglè, Edikasyon pou Adilt BPS la desèvi elèv ki gen anpil talan yo ki te sibi enpak obstak sosyal, obstak ki alafwa sistematik e sosyal, ansanm ak rasis nan lekòl la ak andeyò lekòl la.

¹ Se DESE ACLS ki fikse objektif sa yo sou baz done federal NRS yo pou elèv adilt yo toupatou nan peyi a.

